Easy

Simi

Eh eh eh
Easy easy
Wait a minute
When you see me
Make you free me

Original dey China
If Naira no reach make we spend dollar
If champagne finish we drink water
Sometimes kpako dey turn butter oh
Life e dey funny, rain dey fall when e dey sunny
I dey for people wey dey for me
I ain't stressing for nobody

I just take it easy easy easy oh
Easy easy oh, take it easy oh
Will you take it easy easy easy oh
Easy easy oh, take it easy oh

Na everybody think say dem know pass
Some people read tire dem no pass
Some reach immigration dem no pass
And some carry last cos dem no fast
Life no balance I talk am before
Poor man dey suffer, the rich getting more
No be only 2 plus 2 give you 4
So you see life dey funny
Rain dey fall when e dey sunny
I dey for people wey dey for me
I ain't stressing for nobody oh

I just take it easy easy easy oh
Easy easy oh, take it easy oh
Will you take it easy easy easy oh
Easy easy oh, take it easy oh

Yea oh yea
Oya rora o rora
Sha ma rora baby
Jeje o jeje
Easy baby

Tištěno z pisnicky-akordy.cz

Sponzor: www.srovnavac.cz - vyberte si pojištění online!